

## Kisa yon "diplòm lekòl segondè regilye" ye ?

Yon "diplòm lekòl segondè regilye" se yon diplòm distri lekòl yo bay elèv yo lè yo satisfè tout egzijans pou gradyasyon yo. Yon kalite diplòm konsa koresponn ak nòm egzijans eta a. Yo rele nòm sa yo «Kad Pedagojik » nan Massachusetts.

## Kijan elèv ki gen IEP yo ka resevwa yon diplòm lekòl segondè regilye nan Massachusetts ?

Pou yon elèv ki gen yon IEP kapab gradye ak yon diplòm lekòl segondè regilye, l ap bezwen satisfè toule twa kondisyon sa yo :

#1 Elèv la satisfè egzijans lokal yo - Chak distri lekòl gen pwòp nòm li pou gradyasyon. Yon distri lekòl gendwa egzije pou yon elèv gen yon sèten kantite kredi, toujou gen bon nòt, oswa pran sèten kou. Paske egzijans yo difaran pou chak distri, paran yo ak elèv yo dwe li manyèl lekòl segondè lokal yo a.

#2 Elèv la gen detèminasyon konpetans [competency determination (CD)] – Massachusetts tabli yon nòm pou gradyasyon eta a tou. Eta a egzije pou tout elèv yo pase Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts [Massachusetts Comprehensive Assessment System (MCAS)]. Si yon elèv pase MCAS la, sa vle di li gen (Detèminasyon Konpetans (CD)) a. Elèv yo ap resevwa CD a si yo reyalize oswa yo depase nòt Konpetan nan MCAS nan Literati Lang Anglè, Matematik, Syans ak Teknoloji / Jeni pou klas 10yèm ane. (Si elèv yo pa reyalize nòt Konpetan an, yo toujou gen kèk opsyon. Gade nan pati anndan tiliv sa a.)

#3 Elèv la ap resevwa FAPE - Selon lwa edikasyon espesyal federal la, yon elèv ki gen yon IEP ki te satisfè egzijans lokal ak eta pou gradyasyon l dwe resevwa tou yon edikasyon publik apwopriye gratis [« free appropriate public education » (FAPE)]. Pou yon elèv kapab gradye, ekip IEP li a - ki gen ladan l elèv la ak paran li yo - dwe dakò elèv la te resevwa yon FAPE nan reyinyon IEP final la. (Gade nan pati anndan tiliv sa a pou w ka konnen kisa sa pou ou fè si gen yon dezakò.)

## Resous yo

Sant koneksyon an (The LINK Center), yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo  
[www.fcsn.org/linkcenter](http://www.fcsn.org/linkcenter)

Sit entènèt tranzisyon edikasyon segondè espesyal MA DESE a  
[www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition](http://www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition)

Konsèy Administratif SPED 2018-2: Sèvis Tranzisyon Segondè avèk Gradyasyon ak yon Diplòm Lekòl Segondè  
<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2018-2.html>



### Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street  
Malden, MA 02148  
781-338-3000 | [www.doe.mass.edu](http://www.doe.mass.edu)



FEDERATION FOR CHILDREN WITH SPECIAL NEEDS

### Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center  
529 Main Street, Suite 1M3  
Boston, MA 02129  
800-331-0688 | [www.fcsn.org](http://www.fcsn.org)

## TIPS : Enfòmasyon sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP yo

(Laj 14-22 zan)



## Gradyasyon ak elèv ki gen IEP yo

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

## Gradyasyon ak elèv ki gen IEP yo : Bagay ou bezwen konnen....

### KONSEY 1 : Pou yo ka resevwa yon diplòm lekòl segondè, tout elèv ki gen IEP yo bezwen:

- Satisfè egzijans gradyasyon distri lekòl yo (varye selon distri a).
- Genyen detèminasyon konpetans [“competency determination” (CD)] selon nòt MCAS yo.
- Resevwa yon Edikasyon Gratis ak Apwopriye [Free and Appropriate Education (FAPE)].

### KONSEY 2 : Pale sou gradyasyon nan reyinyon IEP a chak ane, kòmanse lè elèv la gen 14 zan (oswa avan sa) epi note dat li ta sipoze gradye a nan IEP a.

- Nan chak reyinyon IEP anyèl, Ekip la dwe detèmine si elèv la pral resevwa yon diplòm lekòl segondè regilye. Nan IEP a, ekri dat li ta sipoze gradye a (oswa dat li ta sipoze soti nan pwogram nan, si elèv la pa pral resevwa yon diplòm).
- Nan dènye ane elèv la nan lekòl segondè, distri a pral fè plan pou elèv la gradye ak yon diplòm regilye si li te satisfè toule twa egzijans yo.
- Se raman ka gen dezakò ant fanmi yo ak lekòl yo si Ekip IEP a te pale sou gradyasyon ak sèvis edikasyon espesyal chak ane.
- Apre elèv yo fin gradye ak yon diplòm regilye, yo pa kapab ka resevwa okenn sèvis edikasyon espesyal ankò.
- Yon fwa konsa, Ekip IEP a ka dakò yon elèv bezwen plis edikasyon espesyal pou resevwa FAPE, menm si elèv la te gen yon CD epi li te satisfè egzijans pou gradyasyon distri a. Si sa ta rive, Ekip la ap ekri yon nouvo IEP, epi y ap mete sèvis elèv la bezwen yo ak nouvo dat li ta sipoze gradye a ladan.
- Distri a ak fanmi an gendwa pa dakò nan reyinyon IEP final la konsènan si elèv la te resevwa FAPE, men l ap ra anpil pou sa ta rive. Si sa ta rive, paran an (oswa elèv la, si se li ki pran desizyon pou tèt li) ka rejte IEP final la. Fanmi an ak distri a ka eseye jwenn yon antant nan medyasyon oswa nan yon rezolisyón dispit fòmèl selon IDEA. Pou fè sa, yo

ka depoze yon plent ak mande pou ale nan yon odyans ak Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal [Bureau of Special Education Appeals (BSEA)].

- Si fanmi an te rejte IEP a epi deside itilize yon rezolisyón dispit, elèv la ka rete nan pwogram li ye a jiskaske yo regle dezakò a (sa rele dwa pou "pa deplase"). Distri a p ap bay elèv la yon diplòm toutotan yo poko regle dispit la.

### KONSEY 3 : Pale sou sèvis tranzisyon segondè yo nan reyinyon Ekip IEP chak ane a depi elèv la gen omwen 13 zan ak plis, pou garanti sèvis yo kòmanse lè li gen 14 zan.

- Kòmanse planife bonè ! Lè elèv la gradye, sèvis edikasyon espesyal yo ap fini, se poutèt sa l ap enpòtan pou asire elèv la te resevwa sèvis li bezwen yo avan li fini ak lekòl segondè.
- Sèvis tranzisyon segondè yo se yon seri aktivite kowòdone ki ede elèv la devlope konpetans pou edikasyon / fòmasyon apre lekòl segondè, yon travay, ak viv nan komunitate a. Lè yon elèv resevwa sèvis tranzisyon sa fè pati FAPE li resevwa a.
- Sèvis ak Fòm pou Planifikasyon Tranzisyon [Transition Planning Form (TPF)] kòm yon gid pou brase-lide pou ede Ekip la ekri IEP a.
- Ekri objektif IEP anyèl la pou yo ka ede elèv yo devlope konpetans akademik ak fonksyonèl (sétadi, konpetans sosyal) pou prepare pou lavi adilt.
- Sèvi ak evalyasyon yo pou asire elèv la ap fè pwogrè Ekip IEP a atann nan. Si li pa fè pwogrè yo atann nan, Ekip la ka pale sou fason pou chanje objektif ak sèvis yo.

*Chak ane, Ekip IEP a dwe pran yon desizyon endividyalize sou dat yo atann pou elèv la gradye, epi note dat sa a nan IEP a.*



## Enfòmasyon sou MCAS

- Tout elèv nan Massachusetts ki enskri nan yon lekòl leta ap pran MCAS la, menm si yo plase deyò distri a. Pou elèv ki gen IEP yo, Ekip IEP a pral pale sou MCAS la nan chak reyinyon anyèl IEP pou deside kijan elèv la pral pran li.
  - Yon elèv ki gen andikap kapab patisipe nan egzamen MCAS la swa avèk oswa san aranjman.
  - Yon elèv ki gen yon gwo andikap gendwa pran MCAS estanda pifò elèv yo pran an, oswa li ka pran MCAS-Alt a.
- Elèv ki gen IEP ki vle resevwa yon diplòm lekòl segondè regilye gen chwa sa yo pou MCAS, selon sa Ekip IEP a deside :
  - Elèv la ka pran egzamen MCAS estanda a swa avèk oswa san aranjman. Elèv la reyalize minimòm nòt yo egzije nan egzamen matyè MCAS estanda a: [www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html](http://www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html)
  - Elèv la fè yon "pòtfèy konpetans" MCAS-Alt ki note konesans ak konpetans elèv la nan nòm nivo lekòl segondè yo: [www.doe.mass.edu/mcas/alt/cd-reqs/](http://www.doe.mass.edu/mcas/alt/cd-reqs/)
- Si nòt MCAS elèv la pa wo ase pou li resevwa yon detèminasyon konpetans, distri lekòl la ka soumèt yon Kontestasyon pou Pèfòmans MCAS nan non elèv ak (ak konsantman paran an). Kontestasyon an t ap bay travay elèv la te fè nan kou li yo pou montre li satisfè oswa depase nivo pèfòmans nan MCAS la: [www.doe.mass.edu/mcasappeals/filing/guide.docx](http://www.doe.mass.edu/mcasappeals/filing/guide.docx).
- Si li pa ka pase MCAS la avan li gen 22 zan, yon elèv kapab :
  - Kontinye repran egzamen an mezi fwa li vle nan lekòl segondè lokal la oswa sant edikasyon pou adilt la, oswa
  - Pran egzamen HiSET la oswa GED a pou li ka resevwa yon kalifikasyon ki se ekivalan diplòm lekòl segondè a: [www.doe.mass.edu/hse/](http://www.doe.mass.edu/hse/).

Pifò elèv ki gen IEP pral resevwa diplòm lekòl segondè yo nan dat ekip IEP a ekri nan IEP final la.